

MUSYAWARAH GURU MATA PELAJARAN
MGMP – BAHASA JAWA
SMP KABUPATEN CILACAP

LATIHAN SOAL ASTS SEMESTER 1
SEKOLAH MENENGAH PERTAMA (SMP)
TAHUN PELAJARAN 2025 / 2026

DOKUMEN
SANGAT RAHASIA

Mata Pelajaran : Bahasa Jawa
Kelas : VIII (Delapan)
Hari / Tanggal :
Waktu : (90 menit)

PETUNJUK UMUM:

1. Berdoalah dahulu sebelum mulai mengerjakan soal.
2. Tulislah lebih dahulu nomor kode sekolah dan nomor peserta Anda pada lembar jawaban yang telah disediakan.
3. Periksa soal-soal sebelum Anda menjawabnya.
4. Jumlah soal sebanyak 35 butir pilihan ganda, 5 uraian dan semua harus dijawab.
5. Dahulukan mengerjakan soal-soal yang Anda anggap mudah.
6. Kerjakan pada lembar jawaban yang disediakan dengan menggunakan bolpoint / pulpen yang bertinta biru atau hitam.
7. Apabila ada jawaban yang Anda jawab ternyata salah dan Anda ingin memperbaikinya, coretlah dengan dua garis lurus mendatar pada lembar jawaban anda yang salah, kemudian beri tanda silang (X) pada huruf yang Anda anggap benar.

Contoh : Pilihan semula : a b c d
Dibetulkan : ~~a~~ ~~b~~ c d

8. Periksa pekerjaan Anda sebelum diserahkan kepada Pengawas.

- I. **Kapiliha jawaban ingkang leres kanthi cara nyukani tandha ping (X) ing aksara a, b, c utawi d ing lembar jawaban ingkang sampun cumawis!**

Teks kangge soal nomer 1 – 3.

Jaman gemiyen nang dhaerah Jawa Timur (Kediri), ana maharaja sing gelare Prabu Aji Pamasa. Raja kuwe duwe watak sing atos, dheweke ora gelem ngalah marang sapa bae lan ora seneng nek ana wong sing luwih sekti tinimbang dheweke. Prabu Aji Pamasa mrentah punggawa supaya mubeng maring kabeh laladan kraton kanggo nggoleti wong-wong sing dianggep luwih sekti, amarga dheweke ora bakal trima nek ana sing luwih sekti lan pinter. Punggawa sing diprentah Prabu Aji Pamasa mau dibagi-bagi lan nyebar maring pelosok kerajaan, supaya luwih gampang anggone nggolet. Ora suwe anggone mubeng, para punggawa-punggawa kerajaan mau nemokna salah siji panggonan, nang kana ana Resi. Resi kuwe uwis kondhang amarga kepinteran lan kasektiane, mula dheweke banjur diburu karo punggawane Prabu Aji Pamasa.

Gatekaken tabel wonten ing andhap menika!

No	Amanat Saking Crita	Centang
1.	Ampun dados tiyang ingkang senenge serik kaliyan tiyang sanes.	☐
2.	Dados pangarsa ingkang adil lan wicaksana kados Prabu Aji Pamasa	☐
3.	Kedah pamer kasektenan, supados tiyang sami ajrih (wedi)	☐
4.	Ampun dados pangarsa ingkang kejem kaliyan masarakatipun.	☐

1. Saking tabel wonten ing inggil, pranyatan ingkang leres inggih menika
 - a. pranyatan nomor 2 kaliyan 3
 - b. pranyatan nomor 3 kaliyan 4
 - c. pranyatan nomor 1 kaliyan 4
 - d. pranyatan nomor 4 kaliyan 2
2. Manut panemumu tumindakipun Prabu Aji Pamasa ingkang mboten sae (apik), inggih menika
 - a. remen dhawuh dhumateng punggawa kanthi dhawuh ingkang mboten migunani
 - b. srakah dhumateng banda donya lan nguwasani sedaya banda wonten ing Kedhiri
 - c. ngraos drengki saha sreji dhumateng tiyang ingkang langkung sugih kaliyan piyambakipun
 - d. ngraos paling sekti saha mboten remen menawa wonten tiyang ingkang langkung sekti
3. Wonten ing kelas 8A Haryo tansah ranking 1, nanging nalika wulangan basa Jawa minggu kapungkur (wingi) bijinipun Rafa langkung dhuwur saking Haryo. Pratingkah ingkang kedah dilakokaken dening Haryo inggih menika
 - a. ngraos drengki amargi wonten tiyang ingkang langkung pinter
 - b. sinau malih kanthi sregep, supados bijinipun langkung sae
 - c. nebehi (ngadohi) Rafa amargi nganggep mungsuh
 - d. mboten kekancan kaliyan Rafa malih

Teks kangge soal nomer 4 – 6.

Kanggo ngilangna rasa wedi Prabu Aji Pamasa ngucapna mantrane. Sawise swara gemuruh ilang, ujug-ujug ana ula raseksa kang ndesis lan mangap amba kaya arep mangan Sang Prabu. Obahing awak saka ula raksasa mau njalari ombak segara Cilacap dadi dhuwur lan medeni. Prabu Aji Pamasa banjur ngetokna panah sektine. Panah ngenani ula nganti tekan patine. Bebarengan karo matine ula mau, ujug-ujug saka sisih wetan ana sawijining putri ayu banget. Putri kuwe ngundang-undang Prabu Aji Pamasa. “Dhuh Sang Prabu, awit saka pitulungan panjenengan aku bisa dadi manungsa biasa maning. Jenengku Dewi Wisowati. Minangka kanggo bales budi aku arep ngaturna cangkok kembang Wijaya Kusuma. Kembang kiye ora bakal ditemoni ana ing alam biasa. Sapa bae sing bisa nduweni cangkok Kembang Wijaya Kusuma, dheweke bakal nuruna raja-raja kang bakal nguwasani Pulo Jawa”.

4. Saking maos lan sinau cariyos legendha, para siswa saged mundhut *pengalaman bermakna*, inggih menika ...
 - a. saged kangge panglipur padintenan amargi cariyos legendha menika gadhah maneka warna jinis
 - b. saged mundhut (njuput) pitutur luhur utawa piwulang becik, supados saged dipunagem wonten ing padintenan
 - c. supados tambag pinter basa Jawi, amargi sedaya cariyos legendha menika ngginakaken basa Jawa
 - d. nambah wacana babagan kasusastran Jawa ingkang maneka warni jinisipun

Gatekaken tabel wonten ing andhap menika!

No	Pranyatan	Leres	Lepat
1.	Sawer (ula) raseksa medal saking samudra amargi Prabu Aji Pamasa ngucapaken mantra.	√	
2.	Prabu Aji Pamasa medalaken panah sektinipun, banjur mejahi sawer raseksa kasebut.		√
3.	Putri ingkang ayu sanget dumadakan medal saking sisih wetan nalika panah ngenani sawer.	√	
4.	Menawi gadhah cangkok Wijaya Kusuma, bakal miyosaken raja-raja ingkang nguwasani Pulo Jawa.		√

5. Wosing kolom ingkang trep inggih menika, kolom nomer
 - a. 1
 - b. 2
 - c. 3
 - d. 4
6. Gagasan pokok saking wacan wonten ing inggil inggih menika
 - a. Prabu Aji Pamasa saged ngasoraken (ngalahna) ula raksasa jelmaan Dewi Wisowati kanthi cara dipanah
 - b. Dewi Wisowati maringi cangkuk kembang Wijaya Kusuma, sekar ingkang mboten dipunpanggihi wonten ing alam donya
 - c. Prabu Aji Pamasa ingkang bakal kagungan trah keturunan raja-raja wonten ing pulo Jawa
 - d. Dewi Wisowati atur balas budhi dhumateng Prabu Aji Pamasa amargi sampun nulungi saking ula ingkang ageng

Teks kangge soal nomer 7 – 9.

Sawise maringi cangkuk kembang Wijaya Kusuma, Dewi Wisawati weling meng Sang Prabu. Dheweke banjur menehi weling menawa pulau kiye arep dijenengi Nusa Kembangan. Nusa Kembangan amarga nang kono Sang Dewi paring cangkuk kembang Wijaya Kusuma meng Sang Prabu. Nusa tegese pulau lan kembangan tegese kembang. Bareng gantine jaman jeneng Nusa Kembangan owah dadi Nusakambangan sing siki dikenal dadi pulau kanggo papan pakunjaran para tahanan.

Dewi Wisowati banjur masrahna kembang Wijaya Kusuma. Sawise masrahna kembang Wijaya Kusuma mau Dewi Wisowati ngilang sekang pandelengan. Sang Prabu banjur nuju meng prau cilik saperlu bali menyang pinggire segara Cilacap. Amarga sekang gugup lan kurang ngati-ati, cangkuk kembang Wijaya Kusuma ucul sekang tangane Sang Prabu lan tiba nang tengah samodra. Kadadeyan kaya kuwe mau ndadekna Prabu Aji Pamasa getun banget ora bisa kasil nggawa Kembang Cangkuk Wijaya Kusuma meng Kedhiri.

7. Menawi Prabu Aji Pamasa gadhah watak ingkang ngatos-atos, mesthi piyambakipun saged kasil ngasta Kembang Cangkuk Wijayakusuma. Saking kadadeyan menika, pramila ampun (aja) dados tiyang ingkang
 - a. awatak grusa-grusu
 - b. durjana angkara murka
 - c. nyilakani dhumateng tiyang sanes
 - d. gadhah watak gemi, setiti, ngati-ati
8. Saking cariyos Asal-usule Nusakambangan, pitutur luhur ingkang saged dipuntuladhani wonten ing padintenan inggih menika
 - a. Sinaosa kelas 8 sami ndherek sayembara karesikan kelas, ananging kelas 8 tansah guyub rukun saha mboten serik-serikan
 - b. Aziz mboten remen nalika wonten kanca sanesipun (liyane) ingkang pikantuk biji ingkang sae, amargi Aziz ngraos paling pinter wonten ing kelas
 - c. Saben dinten Ajeng ngladhi nyerat geguritan supados saged menang sayembara nyerat gurit wonten ing Festival Tunas Bahasa Ibu Kabupaten Cilacap
 - d. Galuh mboten nulungi Indra ingkang dhawah saking sepedha, amargi Galuh mboten remen kaliyan Indra

Gatekaken gambar wonten ing andhap menika!



9. Menawi pesen saking gambar menika dipuntindakaken (dilakokaken) wonten ing kelas, mesthi kahanan kelas dados
- guyub rukun
 - remen congkrah (ribut)
 - wadan-wadanan kaliyan kanca
 - ngraos langkung inggil saking kanca sanes

Teks kangge soal nomer 10–11.

Dumadine Wadhuk Kubangkungkung

Kacarita, ana sawijine desa nang tlatah Jeruklegi sing gemah ripah loh jinawi. Desa kuwe diarani Desa Sawangan. Desa Sawangan dipandhegani dening Demang sing asmane Demang Wangsa Nangga. Piyambake misuwur minangka pangarsa sing prasaja, sregep, lan open meng wargane. Sanadyan piyambake minangka Demang, nanging esih gelem tandang gawe patrape wong tani. Demang Wangsa kagungan putra loro ya kuwe Samun lan Samin. Mangsa tandur uwis arep teka, banjur Ki Demang ndhawuhi putrane. “Samun lan Samin, siki uwis wayahe dhewek kudu babad alas, golet panggonan sing bisa kanggo nandur. Sukur-sukur cedhek karo tuk, supaya panene kasil luwih akeh.” Samun langsung mangsuli. “Inggih sendika Pak, ngenjang kula kaliyan Samin dhateng wana pados papan enggal ingkang langkung sae.”

10. Wonten ing andhap menika paraga/tokoh ingkang gadhah watak prasaja minangka pangarsa inggih menika

a.		Samun
b.		Samin
c.		Ki Demang
d.		Samun lan Samin

11. Ukara baku **paragraf setunggal** wacan ing inggil inggih menika
- Piyambake misuwur minangka pangarsa sing prasaja, sregep, lan open marang wargane.
 - Kacarita, ana sawijine desa nang tlatah Jeruklegi sing gemah ripah loh jinawi.
 - Desa kuwe diarani Desa Sawangan. Desa kasebut dipandhegani dening Demang sing asmane Demang Wangsa Nangga.
 - Sanadyan piyambake minangka Demang, nanging esih kersa tandang gawe patrape wong tani.

Teks kangge soal nomer 12 – 14

Srengenge wis keton jedhul nang sisih wetan. Pratandha nek uwis esuk. Samun lan Samin uwis tekan alas ngresiki rerungkudan nang panggonan sing arep ditanduri. Ujug-ujug Samin bengak-bengok ngundangi kakange. "Kang... Kang... Kang Samun, niki nopo nggih Kang? Kok kados tigan." Samun banjur mlayu ing panggonane Samin sing katon lagi kewedan.

"Endhog apa kuwe dhik? Gedhe bangeet! Endhog ayam mung semene, endhog bebek ya ora beda adoh, endhog gemek luwih luwih mung semene."

Bocah loro mau banjur bali. Gutul umah, endhog mau dituduhna Ki Demang Wangsa. Ki Demang kaget, nembe kiye ngerti ana endhog gedhene semene, lan duwe cangkang atos banget. Ki Demang ndhawuhi supaya endhoge dibalekna meng panggonane. Nanging tanpa dingerteni dening Ki Demang Wangsa lan Samin, kanthi meneng-meneng endhog kuwe dimasak lan dipangan Samun.

Ngesukke Samun lan Samin nerusna pegaweyane ana ing alas. Samun kaget, ujug-ujug awake krasa panas, gulune krasa kaya diobong. Samun banjur mlayu ninggalna adhine tumuju meng wadhuk cedhek papan kanggo nandur. Nanging ana kedadeyan aneh sawise Samun ngombe banyu ing wadhuk mau.

12. Ingkang nyebabaken badanipun Samun kraos benter (panas) inggih menika ...
- dicakot dening sawer (ula)
 - sakit bibar babat wana (alas)
 - nedha (mangan) tigan menika
 - kraos sayah sasampunipun nenandur
13. Pratingkah padintenan ingkang saged dipuntuladhani manut cariyos ing inggil inggih menika ...
- Saras nyonto tugas Basa Jawa saking Eka kanthi meksa lan ngancem, menawi Eka mboten gelem nyontoni
 - Agung siswa ingkang gadhah tata krama, pramila menawi matur kaliyan Bapak saha Ibu guru ngagem basa krama
 - Pak Guru ndawuhi Dewi supados nyapu Laboratorium Komputer, Dewi banjur nyapu kanthi sregep
 - Nadia mboten gadhah kanca wonten ing kelas, amargi piyambakipun remen madani kanca-kancane

Gatekaken tabel wonten ing andhap menika!

Kritik	Solusi
Samun mboten manut kaliyan dhawuhe Bapake, supados mbalekaken tigan.	...

14. Solusi ingkang trep kangge kritik babagan watakipun Samin inggih menika
- Samun nyuwun pangapunten kaliyan Ki Demang amargi mboten manut kaliyan dhawhipun
 - mboten mangsulaken tigan wonten ing wana, amarga tigan menika sanes gadhahipun sinten-sinten

- c. mboten nrima nasibipun ingkang owah dados sawer naga wonten ing Waduk Kubangkungkung
- d. kedahipun Samun manut kaliyan ngendikanipun Bapake, kanthi cara mangsulaken tigan wonten ing wana

Teks kangge soal nomer 15 – 17

Mula Bukane Sumur Gemuling Desa Kuripan


Kacarita, Kraton Demak nduwe pusaka arane Keris Tirta Mukti. Keris Tirta Mukti dadi barang sing suci nang tlatah Demak amarga sekti mandraguna. Nanging, nang salah sawijine dina Keris Tirta Mukti ilang dijukut wong. Sultan Trenggono sing mapan dadi raja wektu kuwe ngrasa sedhih lan kuwatir. Sultan Trenggono banjur golet wong sing ampuh lan sekti nang Keraton Demak kanggo golet Keris Tirta Mukti. Pungkasane kapilih satriya gagah prakosa lan sekti sing jenenge Arya Jabat.

“Arya Jabat, Keraton Demak nembe bae kelangan pusaka sejatine yaiku Keris Tirta Mukti, goleka Keris Tirta Mukti gawa bali ana ing Keraton Demak

“Inggih, sendika dhawuh Sinuwun”


Arya jabat mangkat golet Keris Tirta Mukti. Cekake cerita, Arya Jabat tekan nang desa sing kena peceklik. Kahanan paceklik lan kurange banyu jalaran desa kuwe dikutuk dening penyihir sing kejem, bengis lan seneng ngombeni getih manungsa jenenge Eyang Arjo Kusumo.

Gatekna gambar wonten ing andhap menika!



15. Pratelan dudutan (kesimpulan) wonten ing inggil, bilih dipungantos dados Basa Ngapak Banyumasan inggih menika ...
 - a. Sultan Trenggono ngrasa kuwatir lan sedhih merga kerise ilang
 - b. Sultan Trenggono ngraosaken kuwatir lan duka amargi kerisipun ilang
 - c. Sultan Trenggono rasane kuwatir uga sedhih amargi keris menika ical
 - d. Sultan Trenggono ngraos kuwatir saha sedhih amarga keris menika ical

Gatosaken gambar wonten ing andhap menika!



16. Pratelan ingkang leres kanggo njangkepi data wonten ing inggil inggih menika
 - a. remen tetulung tanpa pamrih dhumateng sapadha-padha
 - b. ksatriya ingkang gagah prakosa uga sekti mandraguna
 - c. tatag saha wani nalika ngadepi mungsuh ingkang kiyat
 - d. tanggel jawab dhumateng perkawis ingkang wigatos
17. Tokoh antagonis saking cariyos wonten ing inggil inggih menika
 - a. Tirta Mukti
 - b. Arya Jabat
 - c. Sultan Trenggono
 - d. Eyang Aryo Kusumo

Teks kangge soal nomer 18 – 20

Sawijine mbengi sedurung Arya Jabat turu, dheweke krungu swara wong wadon njaluk tulung. Age-age Arya Jabat nulungi wong wadon mau sing jenenge Intan Sari. Intan Sari uga nyeritakna kenangapa dheweke arep diculik lan nyeritakna sejatine Eyang Arjo Kusumo sing njukut Keris Tirta Mukti. Ora suwe Arya Jabat langsung nuju meng panggonane Eyang Arjo Kusumo.

"He Kisanak! balekke Keris Tirta Mukti duweke Keraton Demak!"

"Wani-wanine kowe ganggu semediku. Keris iki duwekku!"

"Keris kuwi duweke Sultan Trenggono Raja ana Keraton Demak, balekke!"

"Hahahahahaha...jupuken yen kowe bisa!"

Kekarone langsung perang tandhing, nang tengahe perang tandhing Intan Sari uga wis kejiret nang ndhuwure sumur tumbal.

18. **Kekarone langsung perang tandhing, nang tengahe perang tandhing Intan Sari uga wis kejiret nang ndhuwure sumur tumbal.** Latar swasana wonten ing wacan ingkang kacithak kandel inggih menika
- seneng
 - sedhih
 - medeni
 - kuwatir
19. **Sebabipun desa meningka nandhang paceklik inggih menika**
- musim kemarau ingkang dangu sanget
 - desa menika mboten saged paring tumbal
 - Keris Tirta Mukti ingkang ical saking Keraton Demak
 - Eyang Arjo Kusuma mboten kersa paring jawah (udan)

Teks kangge soal nomer 20-22.

Sekar pangkur kang winarna,
lelabuhan kang kanggo wong ngaurip,
ala lan becik puniku,
prayoga kawruhana,
adat waton puniku dipun kadulu,
miwah ta ing tata krama,
den kaesthi siyang ratri.

20. **Prayoga kawruhana.**
Tegesipun gatra kasebut inggih menika ...
- ala lan apik menika
 - dilakokake siyang ndalu
 - langkung (luwih) becik dipunsinau
 - namung sinau babagan ingkang sae

Gatekna gambar wonten ing andhap menika!

A {	• gatra katiga	1 {	• 11i
B {	• gatra kapindho	2 {	• 8u
C {	• gatra kaenem	3 {	• 8a
D {	• gatra kapitu	4 {	• 8i

21. Pratelan ingkang cocog babagan guru wilangan kaliyan guru lagu tembang macapat Pangkur inggih menika
- | | |
|----------------------|----------------------|
| a. D kaliyan nomor 2 | c. A kaliyan nomor 3 |
| b. C kaliyan nomor 4 | d. B kaliyan nomor 1 |
22. Adhedhasar tembang wonten ing inggil menika, tindak-tanduk ingkang trep wonten ing sekolah inggih menika
- lenggah jegang ing kelas
 - nedha nalika bapak/ibu guru mulang
 - rame ing kelas nalika guru dereng rawuh
 - matur kanthi sopan marang bapak saha ibu guru

Teks kangge soal nomer 23-25.

Deduga lawan prayoga,
myang watara reringa aywa lali,
iku parabot satuhu,
tan kena tininggala,
tangi lungguh angadeg tuwin lumaku,
angucap meneng myang nendra,
duga-duga aja kari

23. Sedaya kabecikan menika kedah dipuntindakaken **nalika wungu, lenggah, jumeneng, (ngadeg), ugi mlampah**. Pratelan ukara ingkang kacithak kandel, cocog kaliyan gatra
- | | |
|------------------------|---------------------------------------|
| a. iku parabot satuhu | c. angucap meneng myang nendra |
| b. tan kena tininggala | d. tangi lungguh angadeg tuwin lumaku |
24. Sasampunipun maos tembang menika, Arya mangertos bilih kedah tansah waspadha utawa ngatos-atos anggenipun nglampahi samubarang. Ukara kasebut jumbuh kaliyan tembang Pangkur gatra
- duga-duga aja kari
 - tan kena tininggala
 - myang watara reringa aywa lali
 - angucap meneng myang nendra
25. Sanajan sampun dipunparingi piwulang dening Bu Guru, supados tansah ngatos-atos milih kanca. Bagus tetep kekancan kaliyan bocah ingkang remen (seneng) mbolos sekolah. Manut panemumu, watake Bagus
- sae amargi mboten pilih-pilih anggenipun kekancan
 - andhap asor saha wicaksana dhumateng kanca-kancanipun
 - kirang waspadha amarga pratingkah awon (ala) saged nulari
 - mboten menapa amargi kekancan kedah kaliyan sinten mawon

Teks tembang Pangkur kangge soal nomer 26-28.

Miwah ta sabarang karya,
ing prakara gedhe kalawan cilik,
papat iku datan kantun,
kanggo sadina-dina,
rina wengi neng praja miwah ing dhusun,
kabeh kang padha ambegan,
papat iku aja lali

Gatekna gambar wonten ing andhap menika!

Ukara nomor 1.

Wonten ing sedaya pagaweyan, wonten sekawan perkawis ingkang kedah dipuneling-eling.

Ukara nomor 2.

Menawi wonten tiyang ingkang mboten gadhah panglimbangan, menika watak ingkang mboten sae.

Ukara nomor 3

Tiyang ingkang mboten ngertos tata krama, menika tiyang ingkang awon.

Ukara nomor 4

Watakipun manungsa menika saged katenger saking caranipun mlampah ugi lenggah.

26. Ukara ingkang cocog kangge njlentrehaken wosing tembang macapat wonten ing inggil inggih menika
- ukara nomor 4
 - ukara nomor 1
 - ukara nomor 2
 - ukara nomor 3
27. **Rina** wengi neng praja miwah ing dhusun
Tembung ingkang kacithak kandel sami tegesipun kaliyan
- Saben **sonden** Bima olahraga wonten ing Alun-alun Kabupaten Cilacap
 - Siyang** menika Alif badhe kelompokan nggarap tugas Basa Jawa
 - Ndalu** menika para siswa kelas 8 sami kemah wonten ing sekolah
 - Tabuh 06.30 WIB **enjing** sampun nyepedha dhateng sekolahan
28. Pitutur luhur saking tembang ing inggil inggih menika
- ampun kesupen kaliyan sekawan perkawis wonten ing gesang
 - remen ngrasani tiyang sanes menawi boten wonten tiyangipun
 - menawi gadhah kekarepan kedah kaleksanan mila kedah mbudidaya
 - menawi mireng kabar dereng mesthi leresipun, enggal dipungenahaken

Teks tembang Pangkur kangge soal nomer 29-31.

Kalamun ana manungsa,
tan anganggo ing duga lan prayogi,

(1) **degsura ndaludur tan wruh ing edur,**

(2) **awor lawan wong kathah,**

(3) **iku watake tan patut,**

(4) **aja sira pedhak-pedhak,**

nora wurung neniwasi.

} kanggo soal nomor 29

29. Pratelan tembang macapat menika dereng urut, urutan ingkang leres inggih menika
- 3, 2, 1, lan 4
 - 2, 1, 3, lan 4
 - 1, 3, 4, lan 2
 - 1, 4, 2, lan 3

30. Adit dipunajak tumut geng motor. Geng montor kasebut saben ndalu mubengi desa kanthi swanten knalpot ingkang seru sanget. Ingkang kedah dipunlakokaken dening Adit manut tembang wonten ing inggil inggih menika
- mboten purun kembul kaliyan kanca ingkang kadosmenika
 - tumut geng motor menika, amargi Yanuar remen montor-montoran
 - ngu-mangu marga kanca-kancanipun kathah ingkang tumut geng motor menika
 - supados dipunanggep gagah kaliyan kancane, Yanuar kepengin tumut geng motor menika
31. Saking tembang wonten ing inggil saged dipunmangertos bilih dados siswa kedah
- kekancan kaliyan sinten kemawon, sinaosa tiyang ingkang mboten sae
 - milih-milih kanca adhedhasar drajat kaliyan pangkat sosial
 - kedah milih-milih kanca adhedhasar tumindakipun
 - kekancan kaliyan tiyang ingkang sugih kemawon

Teks kangge soal nomer 32-34.

Pan wus watake manungsa,
pan ketemu ing laku lawan linggih,
solah muna muninipun,
pan dadi panengeran,
ingkang pinter kang bodho miwah kang luhung,
kang sugih lan kang melarat,
tanapi manungsa singgih.

Gatekaken tabel wonten ing andhap punika!

Nomor	Tembung	Aksara	Tegesipun
1	miwah	A	luhur
2	luhung	B	lan
3	singgih	C	tingkah laku
4	solah	D	nyata

32. Pacangan nomor lan aksara ingkang leres ngenani tegese tembung inggih menika
- 1 – C, 2 – B, 3 – A, 4 – D
 - 1 – D, 2 – C, 3 – B, 4 – A
 - 1 – B, 2 – A, 3 – D, 4 – C
 - 1 – A, 2 – C, 3 – D, 4 – B
33. Pak Iwan minangka lurah wonten ing desa Sukasari. Nalika rawuh wonten ing maneka adicara desa, Pak Iwan tansah mesem lan remen guyon kaliyan warganipun. Saking wacan kasebut saged dipunmangertos bilih watakipun Pak Iwan inggih menika
- sumeh saha andhap asor
 - lembah manah saha jujur
 - adigang, adigun, adiguna
 - grapyak saha gadhah tata krama
34. Saking tembang wonten ing inggil menika saged dipundhut piwulang luhur kangge pagesangan inggih menika
- nutup-nutupi watakipun awake dhewe ingkang ala, supados tiyang sanes mboten ngertos
 - kedah ngatos-atos anggone tumindak amargi menika saged nuduhake watake awake dhewe
 - dados manungsa ingkang gadhah watak luhur, supados saged migunani kangge tiyang sanes
 - njagi pasrawungan kaliyan tiyang sanes menika kuwajiban wonten ing masarakat

Teks kanggo soal nomer 35.

pitutur kanggo pra siswa,
kudu tansah ngeling-eling ing dhiri,
sing padha sregep sinau,
pan dadi kuwajiban,
tata krama dilakokake satuhu,
kudu njaga subasita,
para guru diajeni.

35. Pratelan ingkang jumbuh kaliyan tembang wonten ing inggil inggih menika
- Lina matur kaliyan Pak Guru kanthi basa Jawa krama
 - Fandi mboten purun (gelem) mbiyantu Bu Guru ingkang awrat mbekta buku
 - Nadia ranking 1 nalika kelas 7, pramila samenika Nadia mboten kedah sinau
 - Lintang remen sanget jail kaliyan kanca, pramila kathah ingkang mboten remen

II. Wangsulana pitakenan ing andhap menika kanthi patitis!

Teks kanggo soal nomer 36.

Kacarita, ana sawijine desa nang tlatah Jeruklegi sing gemah ripah loh jinawi. Desa kuwe diarani Desa Sawangan. Desa Sawangan dipandhegani dening Demang sing asmane Demang Wangsa Nangga. Piyambake misuwur minangka pangarsa sing prasaja, sregep, lan open meng wargane. Sanadyan piyambake minangka Demang, nanging esih kersa tandang gawe patrape wong tani. Demang Wangsa kagungan putra loro yaiku Samun lan Samin. Mangsa tandur uwis arep teka, banjur Ki Demang ndhawuhi putrane.

"Samun lan Samin, siki uwis wayahe dhewek kudu babad alas, golet panggonan sing bisa kanggo nandur. Sukur-sukur cedhek karo tuk, supaya panene kasil luwih akeh."

Samun langsung mangsuli. "Inggih sendika Pak, ngenjang kula kaliyan Samin dhateng wana pados papan enggal ingkang langkung sae."

Srengenge wis keton jedhul nang sisih wetan. Pratandha nek uwis esuk. Samun lan Samin uwis tekan alas ngresiki rerungkudan nang panggonan sing arep ditanduri. Dumadakan Samin bengak-bengok ngundangi kakange.

"Kang... Kang... Kang Samun, niki nopo nggih Kang? Kok kados tigan."

36. Ringkesana cariyos ing inggil kanthi basa dialekmu piyambak (Dialek Basa Jawa Ngapak Banyumasan)!

Terjemahan: ringkaslah cerita di atas dengan bahasa Jawa dialekmu (dialek Jawa Ngapak Banyumasan)

Wangsulana (jawaban):

.....

.....

.....

.....

.....

.....

.....

.....

.....

Teks kangge soal nomer 37-38.

Bocah loro mau banjur bali. Gutul umah, endhog mau dituduhna Ki Demang Wangsa. Ki Demang kaget, nembe kiye ngerti ana endhog gedhene semeno, lan duwe cangkang atos banget. Ki Demang dhawuh supaya endhoge dibalekna meng panggonane. Nanging tanpa dingerteni dening Ki Demang Wangsa lan Samin, kanthi meneng-meneng endhog kuwe dimasak lan dipangan dening Samun.

Ngesuke Samun lan Samin nerusna pegaweyane ana ing alas. Samun kaget, ujug-ujug awake krasa panas, gulune krasa kaya diobong. Samun banjur mlayu ninggalna adhine tumuju marang wadhuk cedhek papan kanggo nandur. Nanging ana kedadeyan aneh sawise Samun ngombe banyu ing wadhuk mau. Awake Samun owah dadi ula sing tunggu wadhuk. Tekan siki Wadhuk Naga Wangsa isih ana, ana ing Desa Kubangkungkung, Kabupaten Cilacap. Owahing jaman, wadhuk mau ganti jeneng Wadhuk Kubangkungkung

37. Jangkepana analisis watak wonten ing andhap menika!

Analisis Watak ingkang wonten ing Cariyos Dumadine Waduk Kubangkungkung	
Ki Demang	: ...
Samun	: ...
Samin	: ...

38. Manut panemumu, menapa Wadhuk Kubangkungkung gadhah potensi kagem ekonomi warga sekitar? Sebutna kalih (2) mawon potensi ekonomi saking Wadhuk Kubangkungkung!

Terjemahan: menurut kamu, apakah waduk Kubangkungkung mempunyai potensi untuk ekonomi warga sekitar? Sebutkan dua saja potensi ekonomi dari waduk Kubangkungkung!

Wangsulan:

.....

.....

.....

.....

.....

.....

.....

Gatekna tabel wonten ing andhap menika

Nomor	Gatra			Aksara	Guru Gatra
1	durjana bebotoh kaum,	•	•	A	8a
2	panitike manungsa matege wewategipun,	•	•	B	8i
3	lama miwah maksiyat,	•	•	C	8u
4	wong kang kendel tanapi wong kang jirih,	•	•	D	11i
5	apa dene wong kang nyata,	•	•	E	12u
6	ing pangrawuh kang wus pasthi,	•	•	F	8a
7	lanang wadon pan padha,	•	•	G	7a

39. Jodhokaken gatra kaliyan guru gatra manut paugeran tembang Pangkur ingkang trep!
(tuladha nggarap: 5 lan G)

Wangsulan:

.....

.....

.....

.....

.....

Teks kangge soal nomer 40

Sekar pangkur kang winarna,
lelabuhan kang kanggo wong ngaurip,
ala lan becik puniku,
prayoga kawruhana,
adat waton puniku dipun kadulu,
miwah ta ing tata krama,
den kaesthi siyang ratri.

40. Manut tembang wonten ing inggil, para siswa kedah gadhah tata krama. Sebutaken kalih
(2) mawon tata krama kaliyan guru wonten ing sekolah!

Terjemahan: berdasarkan tembang di atas, para siswa harus memiliki tata krama. Sebutkan dua saja tata krama dengan guru di sekolah!

Wangsulan:

.....

.....

.....

.....

.....

.....

.....

.....

